

Mass General Brigham konprann ke vizitè yo ak moun ki bay sipò yo se yon pati enpòtan nan sante w ak byennèt w. Sekirite pasyan nou yo, anplwaye yo ak kominate nou yo trèzenpòtan pou nou.

## Zòn pasyan entène yo

**Lopital swen egi Mass General Brigham pèmèt de vizitè alafwa pou chak pasyan ant 9:00 AM jiska 9:00 PM**

Pa gen restriksyon tan pou moun ki bay sipò pou pasyan ki timoun ak pasyan ki gen andikap. Yo konsidere moun sipò anplis de vizitè yo.

### Vizite zòn espesifik swen pasyan yo:

- **Inite Sal Akouchman, Zòn Antenatal ak Apre Akouchman**
  - o Moun ki bay sipò yo ka la pandan tout sejou a.
  - o Orè vizit yo se chak jou depi 9 AM jiska 9 PM.
  - o Yo pèmèt de vizitè alafwa, anplis de moun sipò deziyen yo.
  - o Yo pa pèmèt vizitè ki poco gen 18 an amwenske se yon frè ak sè tibebe a epi li akonpaye pa yon moun ki bay sipò oswa yon adilt.
- **Inite Swen Entansif Neyonatal (NICU)**
  - o Yo pèmèt de moun sipò yo nenpòt ki lè.
  - o Orè vizit yo se chak jou depi 9 AM jiska 9 PM.
  - o Yo pèmèt de vizitè alafwa.
  - o Frè ak sè tibebe a ka vizite si yo akonpaye pa yon moun ki bay sipò.
  - o Vizitè ki poco gen 18 an dwe akonpaye pa yon moun ki bay sipò oswa yon adilt.
- **Inite Swen Entansif (ICU)**
  - o Yo pèmèt vizit tout 24 sou 24.
  - o Yo pèmèt de vizitè alafwa.
  - o Vizitè ki poco gen 18 an dwe apwouye pa anplwaye/lidèchip ICU a.
- **Pasyan Entène nan Inite Sikyatri yo Enkli McLean Hospital:**
  - o Lè vizit sigjere yo se 2 PM jiska 8 PM.
  - o De vizitè oswa moun sipò alafwa.
  - o Lidèchip sit la ka elaji oswa limite lè vizit yo.
  - o Vizitè ki poco gen 18 an yo dwe akonpaye pa yon moun ki bay sipò oswa yon adilt epi anplwaye yo dwe apwouye yo.
- **Spaulding Cambridge, Spaulding Cape Cod, ak Spaulding Boston:** 11:00 AM. jiska 8:00 PM.
- **Spaulding Brighton:** Lè vizit Sigjere yo se ant 11:00 AM. a 8:00 PM.

## Depatman Ijans

- Yo pèmèt vizit tout 24 sou 24.
- Yon vizitè oswa yon moun sipò pou pasyan adilt.
- De vizitè oswa moun ki bay sipò pou pasyan pedyatrik yo.
- Vizit yo ka gen restriksyon lè gen gwo volim oswa pou rezon ki gen rapò ak swen.

## Zòn Klinik Ekstèn yo

- **Zòn Pwosedi yo**
  - Yo pèmèt yon sèl vizitè oswa Moun Sipò.
- **Zòn Anbilatwa Pasyan Ekstèn**
  - Yon sèl vizitè oswa Moun Sipò prefere, sepandan yo ka pèmèt jiska de.

*Nan kèk sikonstans, enstalasyon yo ka bezwen mete restriksyon sou vizit plis pase sa ki anwo a.*

## Sante Vizitè

Nou mande vizitè yo pou yo ranvwaye vizit yo si w pa santi w byen.

## Atant Vizitè yo

- Vizitè yo dwe respekte tout règleman ki aplikab yo, ki gen ladan yo Kòd Konduit Mass General Brigham pou Pasyan, Fanmi, Vizitè ak Patisipan Rechèch.
- Vizitè yo dwe mete rad awopriye, yo dwe mete soulye ak chemiz.
- Vizitè yo pa kapab pote okenn zam nan okenn etablisman oswa kanpis Mass General Brigham.
- Fimen entèdi nan tout etablisman ak kanpis Mass General Brigham. Kote ki disponib, vizitè yo ka fimen nan zòn deziyen yo. Fimen gen ladan tout pwodwi tabak, ansam ak e-sigarèt/vaping.
- Vizitè yo dwe respekte bezwen konfidansyalite ak swen sante pasyan nou yo.
- Vizitè yo responsab pou pwòp afè pa yo.
- Bèt kay pèsonèl pa gen dwa akonpaye vizitè yo.
- Vizitè yo pa ka pran foto, anrejistrem odyo, oswa anrejistrem vidyeo anplwaye oswa lòt pasyan, san konsantman yo. Foto yo kapab genyen sèlman pasyan an ak/oswa vizitè (yo) avèk konsantman yo.

Yo p ap fè diskriminasyon kont vizitè abaz ras, reliyon, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon sèks, laj, andikap, eta sivil, sitwayènte, etnisite, enfòmasyon jenetik oswa maladi, oswa nenpòt lòt karakteristik lalwa pwoteje.